Wikipédia

# Watu Rosetta

**Watu Rosetta** (Basa Arab حجر رشيد ) iku sawijining prasasti Mesir Kuna kang wigati banget amarga bisa mènèhi solusi caranè maca aksara hieroglif Mesir. Tèks ing Watu Rosetta iki ana ing telung pérangan: rong pérangan ing basa Mesir mawa aksara hieroglif Mesir lan aksara Demotik Mesir lan sapérangan ing basa Yunani. Amerga basa Yunani iku ditepungi, mula pungkasané tulisan Mesir Kuna iki uga bisa diwaca. Watu Rosetta iki asalé saka jaman Ptolemeus lan ditulis ing taun 196 SM.

Prasasti iki tinemu ing kutha palabuhan Rosetta utawa Rashid ing Mesir déning para balané Napoleon Bonaparte ing taun 1799. Sawisé iku in taun 1822 bisa diwaca déning ngèlmuwan Prancis Jean François Champollion kang dhedhasar karya ngèlmuwan liyané kaya ta Thomas Young saka Inggris.

Watu iki dhuwuré maksimal 114,4 cm lan dawané maksimal 72,3 cm. Banjur ambané 27,9 cm lan aboté kira-kira 760 kilogram. Watu iki saiki dipajang ing British Museum, London wiwit taun 1802.

## Pranala njaba

- Watu Rosetta (http://www.britishmuséum.org/research/search_the_collection_database/search_object_details.aspx?objectid=117631&partid=1&searchText=rosetta+stone&fromADBC=ad&toADBC=ad&numpages=10&orig=%2fresearch%2fsearch_the_collection_database.aspx&currentPage=1) (British Museum)
- (ing basa Yunani) Tèks basa Yunani
- Tèks (http://pw1.netcom.com/~qkstart/rosetta.html) basa Inggris